Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

# Гумбет




Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 39 (6726) 14 сентябрь 2020 с. Итни МухIаррам 1442 с. Багъа - эркенаб

БАРКИ

## 15 сентябрь – Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо

**Исана анцIабилеб нухалда кIодо гьабизе буго Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо. Жакъа Дагъистаналъе ва дагъистаниязе цIакъго хIажат буго цолъи. Россиялда гьечIо Дагъистан гIадаб, гIемер миллатал цолъараб ва гъункараб бакI.**

Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо буго нилъер халкъазул гьудуллъи, вацлъи щулалъиялъе къучI хIисабалда чIезабураб. Дагъистаналъул тарихалда гIемер руго хIужаби, сундухъго балагьичIого, киналго миллатал цолъун, цо хъизан гIадин цадахъги рахъун цолъун чIеялъул. Гьелъ кIвечIо Дагъистан лъиданиги мукIур гьабизе. Жакъасеб Дагъистаналъул халкъазе цолъи ккола, Дагъистаналъул жамгIият цолъи, социалиябгун экономикияб рахъ цебетIей, хIинкъи гьечIолъи цIуни ва гвангъараб букIинеселде гали тIами, нилъер наслабазе цогояб, эркенаб ва тIегьалеб Дагъистан цIуни. РакI-ракIалъ баркула киналго районцоязда Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо.

РакI чIараб буго нужер щивас Дагъистаналда цолъи букIинабиялда гъорлъ жиндирго бутIа лъелин. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, парахалъи ва талихI.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Игьалиб – цIалдохъабазда гьоркьоб турнир

### Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас Игьали росулъ рагьана футбол хIалеб байдан

**«БакIалъулал хIаракатчилъиял» программаялда рекъон, Бакълъулазул районалъул Игьали росулъ бана футбол хIалеб гьитIинаб байдан.**

7 сентябралда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас рагьана гьеб объект. Гьеб спортивияб объект рагьиялда кIалъалаго районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас баян гьабуна гьединал бакIал раялъ гражданазул сахлъи щула гьабиялъе, физическияб культура цебетIеялъе, гIолеб гIелалъе физическияб, моралияб, рухIияб, психологиялъулаб лъадари щвеялъе квербакъи гьабулин.



«Дагъистаналда гIумруялде рахъинарулел руго анцI-анцI федералиял ва регионалиял программаби. Дагъистан Республикаялъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич Васильевас къучI лъуна жидеде кIудияб хIажалъи букIарал гIемерал проектазе. Республикаялда кколел руго лъикIал хиса-басиял. Ран лъугIизарулел ва хIалтIизаризе кьолел руго халат бахъараб заманалъ ралел рукIарал объектал, «рагIдукьа» бачунеб буго экономика, гIумруялде рахъинарулел руго кIвар бугел проектал, рагьулел руго школал, лъималазул ахал ва цогидалги социалиялгун культуриял объектал. «Сельсовет “Игалинский”» ккола районалда бищун цIикIкIун гIадамал ругеблъун, гьелда гъорлъе уна 4 росу. Ниж рохарал руго Игьалиб футбол хIалеб байдан баялдаса, гьеб объектги рагьун, гIолилал разилъиялдаса. Гумбеталда хасаб кIвар кьола спорт ва физическияб культура цебетIезабиялде. Баркала загьир гьабула Дагъистаналъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич Васильевасе ва ДРялъул экономикаялъул ва территориалияб цебетIеялъул министр ХIажи Русланович Султановасе «БакIалъулал хIаракатчилъиял» программаялъухъ ва цогидалги проектазулъ», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Футбол хIалеб байдан рагьараб къоялъ гьениб цIалдохъабазда гьоркьоб футбол хIаялъул турнир тIобитIана. Бергьенлъи босаразе ва призеразе щвана хIурматалъул грамотаби ва цогидалги шапакъатал. Профессионалияв футболист Рашид Шигьабудиновас баян гьабуна цIияб байдан стандартазда данде кколеб хIалалъ бан бугин, районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасе баркала кьуна гIолеб гIелалъул тIалаб-агъаз гьабуралъухъ ва муниципалитеталда спорт цебетIезабиялъул суалазде кIвар кьуралъухъ. Игьелдерил рахъалдасан республикаялъул ва районалъул нухмалъиялъе баркала загьир гьабуна маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев МухIамад Шапиевас.

Футбол хIалеб гьитIинаб байдан рагьиялъул тадбиралда гьединго гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал МухIамад Хъарагишиев, Малик Маликов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидов, районалъул бетIерасул кумекчи ГIабдурахIман МухIамадов, районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадов, «Сельсовет “Игалинский”» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер ГIабдула Сулайманов, росабазул гIолилазул гIуцIабазул вакилзаби ва цогидалги.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

## 240 миллион гъурщиде – цIияб школа

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас халгьабуна ЦIияб Аргъваниб школа баялъул бугеб хIалалъул

**Гьал къояз Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадов щвана республикаялъул адреснияб инвестиционнияб программаялда рекъон ЦIияб Аргъваниб балеб бугеб гьоркьохъеб школалде. Гьеб объекталъе биччан буго 240 млн гъурущ. ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школа хIалтIизе кьезе буго гьаб соналъ. Лъайкьеялъул цIияб учреждениялъул буго 250 цIалдохъанасе бакI бугеб цIалул корпус, 50 чиясе бакI бугеб интернат, спорталъул кIалгIа, берцин къачIараб азбар.**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас, жиндирго кумекчи ГIабдурахIман МухIамадовасда, районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовасда, ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Башир Башировасда, «Холдинговая компания “Транстрой”» ООО подряднияб гIуцIиялъул вакилзабазда цадахъ халгьабуна лъайкьеялъул гьеб учреждение баялъул бугеб хIалалъул.

(Ахир - 2 - аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



«100 школа», «БакIалъул хIаракат» ва цоги проектал…

2 гьум.



ЦIияб Аргъвани ва Игьали больницабазул халгьабуна

2 гьум.



ХIамзат ГIизудиновас гIахьаллъи гьабуна «ХъахIал къункърабазул къоял» фестивалалда

-2 - 3 гьум.



Набигула АхIмадибировасе – цIияб шапакъат

3 гьум.

# 240 миллион гъурщиде – цIияб школа

**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)**

«Республикаялъулаб адреснияб инвестиционнияб программаялда рекъон ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школа бай Бакълъулазул районалъул гIадамазе кIудияб сайгъат ккола. ЦIияб Аргъвани росдал лъимал чанго анцIго соналъ лъай босизе хьвадулел рукIана санагIатал шартIал гьечIел классазде. ЦIияб школалда лъай щвезеги, физическияб культураялъе ва спорталъе гьанжезаманаялъул лъикIал шартIазда ругел корпусазда сахлъи щула гьабизеги рес щвезе буго гIолеб гIелалъе. Школа хьезабизе буго цIияб оборудованиялдалъун. Дагъистаналъул мугIрузул зонаялда росаби цIуниялъе квербакъула гьадинал бакIал раялъ. Гумбеталда гьединго гIумруялде рахъинарулел руго «100 школа», «Росдал мугIалим» ва цогидалги



программабиги. Баркала загьир гьабула Дагъистаналъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич Васильевасе, жидеде кIудияб хIажалъи букIарал проектазе кьучI лъуралъухъ ва районалде кIвар кьуралъухъ» - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

«Холдинговая компания “Трансстрой”» ОООялъул вакилзабаз баян гьабулеб буго жидеца цIияб школа кватIизе течIого бан лъугIизабизе бугин.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# «100 школа», «БакIалъул хIаракат» ва цоги проектал...

### Бакълъулазул районалъул нухмалъулев ХIажимурад МухIамадовас Игьалиб данделъи тIобитIана



**7 сентябралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас данделъи тIобитIана Игьали росулъ.**

Районалъул нухмалъулес данделъиялда рехсана «Сельсовет “Игалинский”» росдал поселениялъул объектазе 2017-2020 соназ биччараб гIарцул баянал, доклад гьабуна социалиябгун экономикияб цебетIеялъул, проектазда гIахьаллъиялъул хIакъалъулъ.

Данделъиялда гIахьаллъана ДРялда бугеб МВДялъул вакилзаби, Бакълъулазул районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал МухIамад Хъарагишиев, Малик Маликов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидов, районалъул бетIерасул кумекчи ГIабдурахIман МухIамадов, росабазул бутIрул ва цогидалги.

«Ахирияб лъабго соналъ Бакълъулазул районалъул цIияб командаялъ гIемераб хIалтIи гьабуна гIумруялъул даража борхизабиялъе, росаби социалиябгун экономикияб рахъалъ церетIезариялъе. «Сельсовет “Игалинский”» росдал поселениялъул 2020 соналъул бюджеталъул 7 миллионалдаса цIикIкIун гъурущ буго. Гьеб сельсоветалъул росаби гIахьаллъула федералиял ва республикаялъулал программабаздаги, - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Районалъул бетIерас бицана гьеб сельсоветалъул территориялда 3-4 соналда жанир гIумруялде рахъинарурал проектазул хIакъалъулъ. 2018 соналъ Игьали гьоркьохъеб школалъе капиталияб ремонт гьабуна «100 школа» программаялда рекъон. Гьеб мурадалда республикаялъул бюджеталдаса бачIана 1 млн 835 азарго гъурущ, гьелда тIадеги районалъул бюджеталдаса биччана 135 азарго гъурущ. 2018 соналъ Кунзахъ аслияб школалъе ремонт гьабизе биччана бакIалъулаб бюджеталдасан 120 азарго гъурущ. 2019 соналъ Игьалиб гьабуна футбол хIалеб гьитIинаб байдан, «БакIалъулал хIаракатчилъиял» проекталда рекъон республикаялъул бюджеталдаса 2 млн 84 азарго гъурущ бачIана, районалъул бюджеталдасаги биччана 135 азарго гъурущ. 2020 соналъ Игьали росулъ «Дир Дагъистан – дир нухал» программаялда рекъон ремонт гьабун къачIана Огородная къватI, гьелъие харж гьабуна республикаялъул бюджеталдаса бачIараб 900 азарго ва бакIалъулаб бюджеталдаса биччараб 27 азарго гъурущ. 2020 соналъ Кунзахъ аслияб школалъе ремонт гьабулеб буго «100 школа» проекталда рекъон. Гьелъие республикаялъул бюджеталдаса 1 млн 844 азарго ва муниципалияб бюджеталдаса 100 азарго гъурущ биччана. Гумбеталъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркала загьир гьабуна гьел программаби гIумруялде рахъинаруралъухъ ва районалде кIвар кьуралъухъ Дагъистаналъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич Васильевасе.

Данделъиялда гьединго кIалъазе рахъана Бакълъулазул районалъул администрациялъул экономикаялъул отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидов, «Сельсовет “Игалинский”» росдал поселениялъул бетIерасул заместитель Сулайман Сулайманов, районалъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидов, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидов, централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев Муртуз Нажмудинов, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, лъайкьеялъул отделалъул специалист ГIабдула МухIамадов ва цогидалги.

Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев Шамил Мажидовас рорхана транспорталдаса налог бакIариялда, коронавирус тIибитIичIого букIинелъун маскаби разе ккеялда, 13 сентябралда гьаракь кьеялъул цогояб къо гIадлу-низам хвезабичIого, законалда рекъон тIобитIизе ккеялда хурхарал суалал.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас данделъиялъул хIасилал гьаруна, кьуна чIванкъотIарал тIадкъаял щибаб бутIаялда хIасилал лъикIал рукIинариялде ралагьарал, районалъул администрациялъул хIалтIухъабазул, росабазул бутIрузул, киналго гражданазул кIвар буссинабуна гIагараб район, республика, улка цебетIезабиялъе гIоло хIаракат бахъун хIалтIизе ккеялде.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ТIИБ

# ЦIияб Аргъвани ва Игьали больницабазул халгьабуна

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов щвана медицинаялъул учреждениязде

**Бакълъулазул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас хIалтIулал сапарал гьаруна муниципалитеталъул медицинаялъул учреждениязде, лъай-хъвай гьабуна участковиял больницабазул, поликлиникабазул, ФАПазул хIалтIулгун. Районалъул нухмалъулес обход гьабуна Игьали, ЦIияб Аргъвани ва цогидалги росабазул медучреждениязда, цIех-рех гьабуна медикаментаздалъун ва хIажалъулеб оборудованиялдалъун хьезариялъул кинаб хIал бугоян.**



Районалъул бетIерас баян гьабуна COVID-19-ялъ унтаразул къадар республикаялда цIикIкIунеб букIиналда бан, рахунел унтабаздаса цIуниялъе тадбирал гьариялъул ва лъикIаб медицинаялъул кумек гьабиялъул кIудияб кIвар букIин.

«COVID-19 пандемиялда данде къеркьей гьабиялъул районалъул штаб ва росабазул поселениязда гIуцIарал штабалги жигарчилъиялде хIалтIизе ккола унти тIибитIизе биччангутIиялда тIад. Гумбеталъул медхIалтIухъабаз кутакаб хIалтIи гьабуна гIадамал сах гьариялъе. Инфекциялда данде къеркьезе тохтурзабазе кумек гьабуна сахаватчагIазги гIадатиял гIадамазги. ЦРБялъе 2020 соналъ щвана реанимобиль ва хехаб кумекалъул цIияб машина. Араб соналъ районалъул поликлиникаялда лъуна 6 млн гъурущалъул багьаяб тарихазулаб флюорографиялъул аппарат», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Районалъул бетIерас гарачIвариял гьаруна медицинаялъул учреждениязул тохтурзабазулгун ва цогидал хIалтIухъабазулгун, рагIи кьуна обход гьабулаго ратарал ва гара-чIвариялда рорхарал масъалаби сахлъи цIуниялъул министерствалда цере лъезе. ЦРБялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев Муртуз Нажимудиновасги баян гьабуна районалъул сахлъи цIуниялъул киналго суалал жиндирго хъаравуллъиялда ругин.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ...

# ХIамзат ГIизудиновас гIахьаллъи гьабуна «ХъахIал къункърабазул къоял» фестивалалда

### Гьеб тадбир тIобитIана 34-абилеб нухалда

**«Гумбет газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновас гIахьаллъи гьабуна XXXIV Халкъазда гьоркьосеб ХIамзатовасулаб литературияб «ХъахIал къункърабазул къоял» фестивалалда.**

6 къоялъ, 6-10 сентябралда Дагъистаналда тIоритIана «ХъахIал къункърабазул къоял» литературияб фестивалалда хурхун тадбирал. ГIуцIана хIамзатовасулал цIалиял, ДРялъул хъвадарухъабазул Союзалъул секциязул заседаниял, цIалдолезулгун дандчIваял ва цогидалги тадбирал.

**(Ахир - 3 - аб. гьумералда)**



2020 - РАКIАЛДЕ ЩВЕЯЛЪУЛ ВА РЕЦЦАЛЪУЛ СОН

# Танкабазул колоннаялъе - кIикъоазарго гъурущ

### КIудияб ВатIанияб рагъда ичичIалиселги бахIарчиго рагъана

**ГIагараб ВатIаналде божуда рекIкIги гьабун гитлерилал кIанцIидал, рагъде къокъана нижер гьитIинаб ИчичIали росдал гIолохъабиги. Рагъ байбихьилелде Советияб Армиялда тIадаб хъулухъ гьабулел рукIарал ИчичIалиса багIарал армейцалги гьенисанго ритIана ВатIан цIунизе.**

Армиялда хъулухъ гьабулаго рагъде аразулъ рукIана Киевалдасан ритIарал ГIабдурахIман Жамалудинов, МухIамад Жамалудинов, Арсанбег ШугIайпов, Латвия ССРалдасан витIарав Юсуп Таймасханов, Хабаровск краялдасан витIарав МухIамад Алхасов ва цогидалги. Рехсарал рагъухъабиги, цогидалги, кинавниги 20-гIан чи рагъда чIвана ва рокъоре тIадруссинчIо, гьезул хобал улкаялъул шагьараздагун росабалъ щущан руго, араб бакI лъачIого тIагIаралги гIемерисел руго. Масала, Украиналда ХIажигIали МухIамадов, Кировоград обласалда ХIажи МухIамадов, Саратов областалда МуртазагIали МустIапаев рукъун руго.

Рагъул соназ Бакълъулазул районалъул цогидал росабазул гIадамазго гIадин ИчичIали росдал гIадамазги бакIарана армиялъе кумекалъе гIарац. БитIана гьенибе 1950 гъурущ, хинаб ретIел-хьит, кванил нигIматал жанирлъун гIемерал посылкаби. Танкабазул колоннаялъе Ленинградалде битIана 40 азарго гъурущ.

КIудияб ВатIанияб рагъдаса тIадруссана ХIажи Базарганов, ХIажи Батиров, Арсамирза ХIажиев, ХIажи ИсмагIилов, ДинмухIамад Къураев, КъурахIма Сираев, Билал Сиражудинов, КъурамухIамад Сиражудинов, АхIмад Шайхов ва цогидалги.

Гьезул цо-цоял магIарухъ яшав гьабун чIаниги, гIемерисел гIатIиракьалде – Хасавюрт районалде ЦIияб ИчичIали росулъе ана. Мунагьал чураги гьезул киназулго, ахират лъикIаб кьун батаги бахIарчиял рагъухъабазе.

Исанасеб сон лъазабун буго РакIалде щвеялъул ва реццалъул сонлъун. Гьелда хурхун ИчичIали росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъ рагъул гIахьалчагIазул кодоре щварал суратал чIван, рагъда къадаралде щваразул, рокъоре тIадрусун хадур гIумруялдаса ратIалъаразул сияхIал хъван, стендал хIадурана гIолеб гIелалда рагъухъаби кIоченаредухъ, хадубккунги гара-чIвариял гьаризе, КIудияб ВатIанияб рагъул кьогIаб кьисаялъул бицине хIисабалде босун буго.

**МухIамад Ханахъаев, ИчичIали росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев**

## ИчичIалиса рагъухъаби



ГIабдурахIман Жамалудинов



ДинмухIамад Къураев



ХIажагIали МухIамадов



МуртазагIали МустIафаев



МухIамад Жамалудинов

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Набигула АхIмадибировасе – цIияб шапакъат

### Бакълъулазул районалъул маданиял идарабазда тIоритIарал цо-цо тадбиразул хIакъалъулъ

**Бакълъулазул районалъул маданиял идарабазда ахирияб заманалда тIоритIана байрамазда хурхарал батIи-батIиял тадбирал. Гьездасан цояб ккола районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъ гIуцIараб Россиялъул киноялъул къо кIодо гьабураб тадбир. Рохалилаб данделъи тIобитIана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централда.**



Вечер рагьана ва бачана районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас. Россиялъул киноялъул къоялда хурхун доклад гьабуна районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас.

Цебеккунго хIадурун букIана киноялъул тарих баян гьабулеб выставка. Гьенир рукIана советияб заманалда кинофильмал халкъалда рихьизарулел рукIарал аппаратазул суратал, лъун рукIана гьенир кинолента, хадур раккарал касетаби, дискал ва цогидалги. Выставкаялда лъун рукIана гIемер заманалъ райкиносеталъе нухмалъи гьабурав Килалъа мунагьал чураяв ХIисматула Шигьабудиновасул, контролер мунагьал чураяв Ибрагьим ХанмухIамадовасул, гьединго киномеханикаллъун хIалтIарал Набигула АхIмадибировасул, Гьимат Му-хIамадовасул, ЧIиркъатIа киномеханикллъун хIалтIарай Асият Юнусовасул суратал.

Вечералда рихьизаруна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев, ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировас хIадурарал художественниялгун документалиял фильмал. Районалда киноискусство цебетIезабиялда кIудияб бутIа лъурав, республикаялъулаб «Нур» конкурсалда чанцIулго бергьарав районалъул гIумру, халкъалъул цебесеб тарих бихьизабулел фильмал рахьиялда тIад свак тун хIалтIулев Набигула АхIмадибировасул творчествоялъул бицана культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас. Гьаруна гьенир баркиялъулал кIалъаялги. Къуна районалъул администрациялъул рахьалдасан ХIурматалъул грамотабиги, ракIалдещвеялъул сайгъаталги Набигула АхIмадибировасе, Гьимат МухIамадовасе, Асият Юнусовалъе.

**Къурмагъиз ХIадисова**

## ХIамзат ГIизудиновас гIахьаллъи гьабуна «ХъахIал къункърабазул къоял» фестивалалда

(Байбихьи - 2 - аб - гьум.)

2020 соналъул 8 августалда поэзиялъул театралда тIобитIараб Россиялъул поэзиялъул вечералда ХIамзат ГIизудиновас Расул ХIамзатовасул творчествоялъул бицана, цIалана гьесул «Хиросималъул цIумур» поэмалдаса кесек. Гьединго Россиялъул хъвадарухъабазул делегациягун ана дунялалда тIад тIоцебе ХъахIал къункърабазе памятник бараб Гъуниб районалъул Гъуниб росулъе ва гьенир тIоритIарал ракIалде щвеялъул тадбиразда гIахьаллъана.

«Расул ХIамзатовасул цIаралъги, хъахIал къункърабазул гIажаибаб образалъги тIолабго дунялалъул гIадамазда ракIалде щвезарула рагъул гIахьалчагIи, гьел лъугьуна хIереналлъун, ракI лъикIаллъун.

Расул ХIамзатовасул ишал гьоркьоса къотIизе течIого церехун рачунев Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель, халкъияв поэт МухIамад АхIмадовас хIурматалда цIунун руго гьесул гIадатал, унго-унгояб хIалалъ рахъкколеб буго махщел бугел гIолилазул, хIаракат бахъулеб буго улкаялда цогояб маданият цIунизе», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

**«Гумбет» РИО**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЪ – 75 СОН

## «РакIалдещвеялъул карачел»

### Дагъистаналъул Руччабазул союзалъул акциялда бергьаразе грамотаби къуна

**Дагъистаналъул руччабазул союзалъ тIобитIана КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 75 сон тIубаялъул хIурматалда «РакIалдещвеялъул карачел» акция.**

МахIачхъалаялда гьудуллъиялъул рокъоб тIобитIана акциялда бергьаразе шапакъатал кьеялда хурхун рохалилаб данделъи. Гьенире къабул гьарун рукIана Бакълъулазул районалдаса вакилзабиги. Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул хIурматалъул грамотаби кьуна Бакълъулазул районалъул руччабазул советалъул председатель Загьра ГIабдулаевалъе, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул кинопрограммаби хIадуриялъул рахьалъ методист ГIазра Исубилаевалъе, бищун гьитIинай гIахьалчIужу хIисабалда МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 5 классалъул цIалдохъан Загьра АхIмадибировалъе.

**Къурмагъиз ХIадисова**

РАХІМУ-ЦІОБ

# «Инсан» фондалъ тІобитІана «Лъимал школалде хІадур гьаре» акция

### Гьеб идараялъул кумек щвана аза-азар гІадамазе

**Бакълъулазул районалда бугеб гурхІел-рахІмуялъул «Инсан» фондалъ тІобитІана бесдал лъималазе ва дагьго хьезарурал хъизабазда ругел лъималазе кумек гьабиялъул акция.**

гьединго «Инсан» фондалъул Бакълъулазул районалда ругел киналго хІалтІухъаби.

185 цІалдохъанасе щвана цІалул къайигун портфелал. Лъималазе кьуна тІагІамаб къадеквен, гІуцІана расандаби, сан» фондалъ СКФОялъул республикабазул медицинаялъул учреждениязде дараби ва унти бахиналдаса цІуниялъул сурсатал щвезаруна. Бакълъулазул районалъеги гьабуна фондалъ кумек. Цойги нухалъ барка-




Акциялда гІахьаллъана МугІрузул территориалияб округалда «Инсан» фондалъул вакил, Бакълъулазул районалъул имамазул Советалъул председатель Юнус НурмухІамадов, ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул Гумбеталда ругел руччабазул ва бихьиназул отделазул нухмалъулел Асият ХІасанхІажиева ва МухІамадрасул МухІамадов, конкурсал.

Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас баян гьабуна гурхІел-рахІмуялъул «Инсан» фондалъ 2012 соналъ гІуцІаралдасаго гІемер тІоритІанин гурхІел-рахІмуялъулал акциял ва компаниял, кумек гьабунин нус-нус чиясе.

«COVID-19» пандемия тІибитІараб заманалда «Инла кьола «Инсан» фондалъул хІалтІухъабазе хІажатазе кумек гьабуралъухъ. Нужеца тІубазабулеб буго кІвар бугеб, кири кІудияб хІалтІи. Аллагьас кирилъун хъвайги нужее, кумекалде хІажатазе сурсатал кьуразеги садакъа азардаражаялда бахинабеги», - ян абуна ХІажимурад МухІамадовас.

**«Гумбет» РИО**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Прокуратура разъясняет: «Что может быть за нарушение избирательного законодательства»

**Действующим законодательствам о выборах предусмотрено несколько видов юридической ответственности за нарушения законодательства о выборах: конституционно-правовая, административная и уголовная.**

Конституционно-правовая ответственность за нарушение законодательства о выборах и референдумах состоит в применении к виновным участникам выборов и референдумов определенных правовых санкций. К ним относятся: предупреждение; отказ в регистрации кандидата (списка кандидатов); признание итогов голосования и результатов выборов, референдума недействительными; отмена решения о признании кандидата избранным и т.д.

Глава 5 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях предусматривает несколько составов административных правонарушений за нарушение избирательного законодательства.

Виновные лица за совершение административных правонарушений несут ответственность в виде штрафа. Размер штрафа варьируется в зависимости от субъекта правонарушения и совершенного правонарушения.

Статьи 5.8, 5.10, 5.11, 5.12, 5.14, 5.15 КоАП РФ посвящены предвыборной агитации. Ответственность по указанным статьям предусмотрена как за проведение предвыборной агитации вне агитационного периода, так и изготовление агитационного материала с нарушением требований закона, за размещение материала в местах, где это запрещено, за его уничтожение, и иным поводам, связанным с проведением агитации.

Санкции вышеуказанных статей предусматривают наказание в виде административного штрафа от 500 рублей до 100000 рублей.

Уголовный кодекс Российской Федерации предусматривает более тяжкий вид ответственности за совершение общественно опасных деяний, причиняющих значительный вред охраняемым общественным отношениям в сфере организации и проведения выборов.

Так, ст. 141 УК РФ за воспрепятствование осуществлению избирательных прав или работе избирательных комиссий предусматривается наказание до 5 лет лишения свободы.

Статья 142 УК РФ предусматривает уголовную ответственность за фальсификацию избирательных документов. За совершение такого преступления последует наказание в виде 4 лет лишения свободы.

Вышеуказанные деяния, за совершение которых предусмотрена административная или уголовная ответственность, не являются исчерпывающими.

**Магомед Магомедов,**
**прокурор Гумбетовского района**

ДОКУМЕНТЫ

# Участковая избирательная комиссия избирательного участка № 0323 с полномочиями муниципальной избирательной комиссии сельского поселения «Село Читль» Гумбетовского района

**Решение**

**10 сентября 2020 г. № 13**

**Об назначении дополнительных выборов депутатов Собрания депутатов М. О. «Село Читль»**

В соответствии с пунктом 4 статьи 45 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» - если ко дню голосования в одномандатном (многомандатном) округе число зарегистрированных кандидатов окажется меньше установленного числа депутатских мандатов или равным ему либо если едином избирательном округе будет зарегистрирован только один кандидат, список кандидатов или не будет ни одного зарегистрированного кандидата, списка кандидатов, голосование в таком избирательной округе по решению соответствующей избирательной комиссии откладываются на срок не более трех месяцев для дополнительного выдвижения кандидатов, списков кандидатов и осуществления последующих избирательных действий, за исключением случаев, предусмотренных частью 6 настоящей статьи.

Учитывая указанное требование закона и в соответствии с пунктом 4 статьи 45 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 № 50 «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» участковая избирательная комиссия № 0323 решила:

Перенести дату голосования по выборам депутатов Собрания депутатов сельского поселения «Село Читль» Гумбетовского района для дополнительного выдвижения кандидатов и осуществления последующих избирательных действий на 06. 12. 2020 г.

Опубликовать настоящее решение в районной газете «Гумбет»

**Председатель комиссии**
**Магомедов М. А.**
**Секретарь комиссии**
**Абдулхаликов А. С.**

ТІИБ

# Тохтурзабазеги медсестрабазеги баркала кьола

**Бакълъулазул районалъул больницаялда унтун егизе ккана дун. Сахлъи шулалъизегІан дару-сабаб гьабуна терапиялъулги хирургиялъулги отделениязда.**

Дие бокьун буго ракІракІалъул баркала кьезе бетІерав тохтурасул ишал тІуразарулев Муртуз Нажмудиновасе, тохтурзаби ГІабдулбасир Жамалудиновасе, ГІабдухаликъ ГІалиевасе, медсестраби ПатІина УхІумагІалиевалъе, ХІабизат АхІмадовалъе, ХІавра РурухІмаевалъе, Павзурат ХІамидовалъе, ПатІимат ХІажиевалъе, Мадина Тимисултановалъе, Паримеседо МухІамадовалъе, Сиядат ГІабдулкаримовалъе ва цогидазеги. ДунгІан Аллагьги разилъаги гьездаса. Киналго унтаразе кумекалъе хІадурал гьезул гьурмаздаса камулаpo берцинаб гьими, гьабула хІеренаб калам. Унти тІаса ине гьеб киналъго кумек гьабула.

Коронавирус унти тІибитІиялда банги гьаб соналъ гІемерал захІмалъаби дандчІвана медицинаялъул хІалтІухъабазда. Гьел къезаризелъун хІаракаталда хІалтІана гьел.

Кьеги нужее сахлъи, рохалилаб гІумру, щулияб иман, рохаги нуж лъималаздаса, нуж рокьараздаса, нужее рокьулездаса. Унтаразе гьабураб кумек батаги нужее дунялалдаги ахираталдаги пайдалъун.

Баркала киназего цоги нухалъ, Аллагь разилъаги, бертадуе гурони данделъугеги, рохалие гурони чед бекугеги. Амин Аллагь.

**Дунги нужее сахлъи гьарулей Данухъ росулъа Асбарат Юнусова.**

БетІерав редактор
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.